



Pou Piblikasyon Imedya: 02/05/2019

GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO

DEKLARASYON GOUVÈNÈ ANDREW M. CUOMO SOU PWOJÈ LWA AKSYON POU KLIMA A KONYE A

"Mwen aplodi Speaker Pelosi ak Reprezantan Kongrè yo paske yo vote Pwojè Lwa Aksyon pou Klima a Konye a (Climate Action Now Act), lejislasyon ki pral asire ke Etazini onore angajman li yo anba Akò Pari a. Kòm Administrasyon Trump kontinye abdikeye responsablite li pou konbat chanjman klimatik la, angajman New York la pou Akò Pari a pi solid pase jamè. Nou te lanse yon Nouvo Akò Ekolojik (Green New Deal) pou New York ki non sèlman te etabli objektif anbisye ki mete Eta nou an sou wout netralite kabòn onivo tout ekonomi an, men nou ap pran mezi ki nesesè tou pou fè li yon reyalyte.

New York rekonèt nou pa kapab atake defi sa pou kont nou. An Jen 2017, mwen te travay ak Gouvènè California a Jerry Brown ak Gouvènè Washington lan Jay Inslee pou kreye Alyans sou Klima Etazini an (U.S. Climate Alliance) pou mentni objektif Akò Pari yo lè Prezidan Trump te pwomèt li pa tap fè sa. Sou de dènye ane yo, kowalisyon bipatizan nou an te grandi jiska 24 gouvènè, ki reprezante 55 pousan popilasyon Etazini an ak plis pase 60 pousan ekonomi Etazini an. Nou ap demontre ke pwogrè reyèl sou klima posib. Eta Alyans yo ap pwouve plizyè fwa lidèchip sou klima ak kwasans ekonomik mache men nan men.

Prezidan Trump ak Lidè Majorite Sena Mitch McConnell dwe sispann inyore lasyans ak reyalyte chanjman klimatik se pou yo fè Pwojè Lwa Aksyon pou Klima a Konye a vin Lwa. Si nou dwe atenn kontribisyon nasyonal nou an nan konba mondyal kont chanjman klimatik la, nou bezwen yo rejwenn nou nan fè avanse mezi agresif yo dekwa pou pwoteje sitwayen nou yo, anviwònman nou an ak planèt nou an".

###

Lòt nouvèl disponib sou sitwèb www.governor.ny.gov
Eta New York | Chanm Egzekitif | press.office@exec.ny.gov | 518.474.8418

[ANILE ENSKRIPSYON OU](#)